Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE HILL-ROM HOLDINGS, INC. AP KREYE PLIS PASE 100 NOUVO DJÒB EPI ENVESTI PLIZYÈ MILLYON NAN FILYAL LI WELCH ALLYN NAN NEW YORK SANTRAL

Pwojè Ekspansyon an Ap Ajoute Plis Pase 100 Nouvo Djòb Pandan L Ap Kenbe 900 Djòb nan New York Santral

Envestisman yo Konplete pwojè "Central NY Rising" – Ki se yon Inisyativ Pwojè Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Hill-Rom Holdings, Inc., yon konpayi teknoloji medikal mondyal, ap devlope operasyon fabrikasyon ak rechèch e devlopman filyal li, Welch Allyn, nan Skaneateles Falls, Konte Onondaga. Konpayi an ap envesti plis pase 4.2 milyon dola epi kreye plis pase 100 nouvo travay nan fabrikasyon, maketing ak rechèch e devlopman, pandan l ap kenbe anviwon 900 pozisyon ki egziste dejan nan New York Santral.

Gouvènè Cuomo te di: "Pandan plis pase yon syèk, Welch Allyn te yon operatè kle nan ekonomi New York Santral la, e ekspansyon sa ap kreye plis pase 100 nouvo travay ki byen peye pou rejyon an. Soti nan Konsèy Ekonomik Rejyonal yo rive nan Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a, estrateji envestisman nou yo ap kreye dinamis ak kwasans ekonomik atravè eta a. Ekspansyon an afiche fèm angajman Hill-Rom pou New York Santral, ak detèminasyon ak pwogresyon ekonomi Rejyon Nò Eta a."

Hill-Rom Holdings, Inc., se yon konpayi teknoloji medikal ki baze nan Chicago ki asosye ak prestatè swen sante nan plis pase 100 peyi pou amelyore rezilta pou pasyan ak moun k ap ba yo swen yo. Solisyon swen pasyan konpayi an, vize amelyore rezilta ekonomik ak rezilta klinik nan domèn devlopman mobilite, swen ak prevansyon blesi, mouvman travay klinik, sekirite ak efikasite chirijikal, sante respiratwa, ki soutni pa ekipman dyagnostik medikal ki devlope ak yon gwo gäm solisyon ki konekte. Gen Plis Enfòmasyon sou Hill-Rom Holdings, Inc. ki disponib isit la.

PDG Hill-Rom nan, John J. Greisch te di: "Nou rekonesan a Gouvènè Cuomo, Empire State Development (ESD), Senatè Schumer ak Gillibrand, Manm Kongrè Katko, Senatè Eta a DeFrancisco ak Palmantè Finch, ansanm ak Biwo Devlopman Ekonomik Konte Onondaga ak PDG CenterState la, ak ekip yo pou angajman ak sipò yo pou pote travay ki byen peye nan New York Santral. Hill-Rom kontan pou ranfòse prezans nou

nan rejyon an atravè pwogram devlopman ekonomik enpòtan sa yo.”

Nan lane 2015, Hill-Rom te achte Welch Allyn, yon konpayii aparèy medikal ki gen yon prezans enpòtan nan New York Santral depi plis pase 100 tan. Empire State Development, ajans devlopman ekonomik eta a, te travay ak konpayi an pou asire operasyon yo t ap kontinye nan Skaneateles Falls. Nan kad efò sa yo, ESD te ofri Hill-Rom yon ansanm mezi ensitativ pou plis pase 12 milyon dola, ki enkli 6 milyon dola kredi enpo Excelsior ki baze sou pèfòmans ak yon 6 milyon dola sibvansyon inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative grant) – e toulede lye dirèkteman ak kreyasyon travay ak angajman pou envestisman. Anplis, y ap tann Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Onondaga a apwouve mezi ensitativ lokal yo nan yon avni ki pa lwen.

PDG ak Delege Empire State Development lan, Howard Zemsky te di: “Welch Allyn se yon manm enpòtan nan kominote New York Santral la pandan plis pase yon santèn lane e nou kontan anpil ak desizyon yo pou grandi epi devlope nan Skaneateles Falls. Ekonomi rejyonal yo ap pwospere atravè Eta New York, akoz apwòch devlopman ekonomik inovan nou an ke Gouvènè Cuomo te etabli ki pèmèt nou konsantre sou fòs ak bezwen chak rejyon. New York Santral te fè yon travay ekstraòdinè lè li sekirize resous yo epi dirije envestisman ki sible k ap ranfòse ekonomi lokal la epi kreye bon djòb atravè rejyon an.”

Kad Administratif Konte Onondaga, Joanie Mahoney te di: “Sou administrasyon Gouvènè Cuomo a, New York Santral ap eksperimante yon revitalizasyon ak pwogrè ekonomik ki remakab. Anons sa a se dènye prèv ke ekonomi nou an ap vin pi fò ke jamè. Avèk plizyè milye djòb ak plizyè milye dola ki envesti, ekspansyon sa voye yon mesaj fò ke Konte Onondaga se yon bon kote pou biznis devlope epi pwospere.”

Palmantè Gary Finch te di: “Sa se yon jounen ekstraòdinè pou kominote nou an, e nouvo djòb ak resous yo ap gen yon efè miltiplikatè sou kwasans ekonomik rejyon an. Ekspansyon konsiderab sa ranfòse lefè ke nou se yon rejyon k ap grandi gras ak lidèchip ak angajman Gouvènè Cuomo. Ansanm, n ap tabli yon klima biznis ki ankouraje ekspansyon ak kreyasyon nouvo djòb, e ekspansyon Welch-Allyn nan se prèv New York Santral ap kontinye obsève kwasans pou jeneresyon k ap vini yo.”

Ko-Prezidan REDC New York Santral la, Dr. Danielle Laraque-Arena ak Robert M. Simpson te di: “Pandan sèt dènye ane yo, Eta New York te fè envestisman ki estratejik nan ekonomi New York Santral la pou fè pwomosyon devlopman biznis ak ogmantasyon djòb. N ap rekòlte rezilta envestisman sa yo ak anons ekspansyon milti milyon dola sa ak plizyè santèn nouvo djòb pou rejyon an. Vizyon Gouvènè Cuomo pou New York Santral la enkli yon ekonomi k ap pwogrese ak djòb ki byen peye ak biznis ki pwospè, e anons sa se prèv ke vizyon sa se yon reyalite.”

Akselere Central NY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou

jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlòpman kominotè. Eta a deja envesti prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” nan ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola Eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo envesti plis pase 2.5 milya dola – ak plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 5,900 nouvo pòs travay.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418